

## Lajan relansman: **Peman pou Favorize Enpak Ekonomik yo (Ranbousman pou Redrèzman) daprè Lwa CARES la**

Avètisman: Legal Aid Society (Sosyete Èd Legal) te kreye ransèyman sa a. Ransèyman sa a pa konsèy legal, epi li pa dwe ranplase konsèy yon espesyalis imigrasyon, taks, ak/oswa avantaj yo. Enfòmasyon ki gen ladan l lan aktyèl apati dat vèsyon ki nan pati anba dokiman sa a, epi li ka chanje.

### Kisa Lwa CARES la ye?

Lwa sou Èd, Soulajman, ak Sekirite Ekonomik pandan Kowonaviris la (CARES Act) se yon lwa pou relansman k ap distribiye 2 trilyon dola gouvènman federal la te adopte mwa mas 2020 an pou reponn a pandemi COVID-19 la. Lwa a gen plizyè pati, ki gen ladan lajan pou moun pa mwayen Peman pou Favorize Enpak Ekonomik ke yo konn rele tou Ranbousman pou Redrèzman.

### Kisa yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik (ke yo konn rele tou Ranbousman pou Redrèzman) lan ye?

Pami lòt bagay ankò, Lwa CARES la bay yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik, ki se yon peman gouvènman an ap bay yon sèl fwa a. Yo voye l bay moun ki touche mwens ke \$99 001; bay koup marye ki touche mwens ke \$198 001; ak pou chèf fwaye pou rezon taks ki touche mwens ke \$136 501. (Chak chif sa yo ogmante \$10,000 pou chak timoun anplis ki kalifye) Yo kalkile kantite lajan yo bay la apati taks ane ki pi resan (2019 oswa 2018), epi yo baze l sou revni bri ajiste ki nan deklarasyon taks ou.

### Kiyès ki elijib (epi ki pa elijib) pou yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik?

Pou w resevwa Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan, ou dwe se yon granmoun ki gen yon nimewo sekirite sosyal (SSN) ki valid pou anplwa aktyèlman la, epi pèsòn moun pa te reklame w kòm depandan sou taks yo.

Si w gen yon Nimewo Idantifikasyon Kontribiyab Endividyle (ITIN), ou **pa elijib**.

Sonje: Ou pa elijib menm si w gen yon SSN, si taks ki pi resan ou te ranpli a (2019 oswa 2018) gen ladan yon konjwen (madanm oswa mari) ki gen yon ITIN. Malerezman sa ka afekte kèk fanmi imigran yo.

### Kisa mwen bezwen fè?

Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan pral vin jwenn ou yon fason otomatik, san w pa bezwen fè anyen, si:

- Ou te ranpli deklarasyon taks pou ane 2019 lan (san pa gen yon konjwen ki gen yon ITIN nan deklarasyon taks ou),
- Ou te ranpli deklarasyon taks pou ane 2018 la (san pa gen yon konjwen ki gen yon ITIN nan deklarasyon taks ou),
- Ou resevwa avantaj sekirite sosyal yo (ki gen ladan avantaj retrèt, andikap, ak sivivan),
- Ou resevwa avantaj Revni Sekirite Siplementè (SSI),
- Ou resevwa avantaj pou Retrèt Travayè Wout Tren yo, oswa

- Ou se yon ansyen konbatan oswa benefisyè yon ansyen konbatan k ap resevwa Alokasyon oswa Pansyon (C&P) nan men Biwo pou Zafè Veteran yo (VA).

Sonje: Si w poko ranpli deklarasyon taks pou ane 2019 la, ou ka toujou fè sa kounye a. Delè a se 15 jiyè 2020, men li posib pou w ranpli taks menm apre delè a. Yon fwa ou ranpli deklarasyon taks ou, w ap elijib pou yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik otomatik, si w satisfè lòt kritè elijiblite yo dekri anwo a yo.

Si w pa gen youn nan avantaj anwo yo epi ou pa te ranpli taks pou ane 2019 oswa 2018 akoz revni fèb oswa ou pa te gen revni, ou dwe aplike pou w ka resevwa yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik.

Pou w **aplike** pou yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik, ale sou  
<https://www.irs.gov/coronavirus/non-filers-enter-payment-info-here>

Sonje: Li ka plis nan avantaj kèk moun ki gen ti revni piti nan travay yo pou yo ranpli yon deklarasyon taks regilye olye yo itilize fòmilè sa a IRS bay pou moun ki pa ranpli deklarasyon taks yo, piske yon deklarasyon taks ka pèmèt yo resevwa kèk kredi taks ki plis pase Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan.

### E si mwen gen timoun ki gen mwens ke 17 tan (apati 31 desanm 2019)?

Chak timoun depandan ki gen mwens ke 17 tan ka ajoute \$500 anplis sou Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan. Si w te ranpli deklarasyon taks ou pou ane 2019 oswa 2018 avèk timoun ou yo kòm depandan w epi ou elijib nan yon lòt fason, ou pa bezwen fè anyen pou w jwenn \$500 anplis pou chak timoun lan. Timoun lan dwe gen mwens ke 17 tan nan fen ane taks IRS itilize a. (Sa a potansyèlman gen ladan timoun ke yon ajans plasman te mete nan fanmi dakèy ki te viv avèk ou pandan plis pase mwatye ane a.)

Si w pa te ranpli taks pou ane 2019 oswa 2018 la epi ou gen timoun nan fwaye w ki gen mwens ke 17 tan, ou dwe swa ranpli yon deklarasyon taks oswa aplike pou Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan pou w ka jwenn \$500 anplis pou chak timoun lan. Epitou, okenn lòt moun pa dwe reklame timoun yo kòm depandan sou taks yo, epi yo dwe gen nimewo sekirite sosyal.

### Konbyen lajan m ap jwenn?

Kantite lajan Peman pou Favorize Enpak Ekonomik ou an ap depann de kantite moun ki gen nan fanmi w ak montan revni w te rapòte nan deklarasyon taks ou pou ane ki pi resan an (2019 oswa 2018). Yon moun ki selibatè ki pa gen pitit ki te touche \$75 000 oswa mwens, ap resevwa \$1 200. Yon koup marye ki pa gen pitit ki te touche \$150 000 oswa mwens, ap resevwa \$2 400. Yon kontribiyab ki se chèf fwaye ki te touche \$112 500 oswa mwens, ap resevwa \$1 200. Toutfwa, y ap retire \$5 nan montan ranbousman an pou chak \$100 nan revni ki pi wo pase nivo revni sa yo. Chak timoun depandan anplis ki gen mwens ke 17 tan ap ajoute \$500 anplis sou Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan.

### Kilè m ap jwenn Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan?

Diferan moun pral resevwa lajan nan diferan moman. Kèk moun te resevwa premye depo a nan dat 14 avril 2020. Moun ki te gen enfòmasyon bank yo nan deklarasyon taks yo ka resevwa lajan pi rapid. L ap pran kèk mwa pou IRS voye lajan bay tout moun epi kèk moun ka resevwa lajan byen ta jiska mwa septanm 2020.

**Mwen te deja resevwa Peman pou Favorize Enpak Ekonomik mwen an epi li pa gen ladan lajan anplis pou timoun mwen yo. Kisa pou m fè?**

Ou ka bezwen ranpli taks ane pwochèn pou w ka resevwa \$500 dola pou chak timoun ki gen mwens ke 17 tan an si w pa te resevwa l ansanm avèk Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan ane sa a. IRS te gen delè ki vrèman kout pou moun k ap resevwa Sekirite Sosyal, SSI, RRB, oswa avantaj VA yo (C&P) pou yo aplike pou yo mete timoun yo.

**E si konjwen m avè m te ranpli deklarasyon taks nou ansanm, men sèlman youn nan nou gen nimewo sekirite sosyal epi lòt la gen yon ITIN?**

Ou ka an mezi pou w modifie taks ou avan 15 jiyè 2020 pou w ranpli anba banyè Moun Marye k ap Ranpli Apa, pou konjwen ki gen SSN lan ka resevwa Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan, si revni l pa depase limit revni an. Apre 15 jiyè 2020, l ap pi difisil pou w modifie deklarasyon taks ou.

**Èske m ap bezwen ranbouse Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan?**

Non. Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan se yon kredi taks yo bay alavans ke yo p ap retire nan okenn lajan alavni. Depi w te resevwa l kòmsadwa, ou p ap bezwen ranbouse l. Yo pa retire l nan okenn lòt lajan. Se pa yon prè; se yon ranbousman.

**Èske Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan ap kreye pwoblèm pou rezon imigrasyon yo oswa rann mwen vin chay piblik?**

Non. Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan p ap konte pou chay piblik pou rezon imigrasyon. Depi w te resevwa l kòmsadwa, li p ap gen okenn konsekans negatif sou imigrasyon.

**Èske Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan ap redui oswa rann mwen pa elijib pou nenpòt avantaj piblik yo?**

Non. Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan se yon kalite ranbousman fiskal y ap bay yon sèl fwa a. Li pa konte kòm yon revni nan avantaj piblik ou, ki gen ladan Asistans Piblik, Medicaid, SNAP (Food Stamps), SSI, Seksyon 8, ak NYCHA.

Pou SSI, lajan an pa konte kont limit resous la ki se \$2 000 (pou yon sèl moun) oswa \$3 000 (pou koup yo) pandan 12 mwa. Pou Asistans Piblik, li pa konte kont limit resous la ki se \$2 000 (\$3 000 si moun lan nan laj 60 tan oswa plis) pandan 2 mwa apre mwa yo te resevwa l la.

**Èske yo ka kolekte Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan?**

Sa depan. Yo pwoteje Peman pou Favorize Enpak Ekonomik lan kont koleksyon pou peman dèt federal ak eta yo dwe ki nòmalman kontrebalanse taks yo (dèt etidyan yo, elatriye). Eksepsyon an se si w dwe lajan pansyon alimantè pou timoun (Child Support) yo ka sezi lajan an. Pwokirè Jeneral New York la te anonsé ke Peman pou Favorize Enpak Ekonomik yo gen egzansyon kont sezi pou peye dèt prive yo.

**E si m pa elijib pou yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik, men mwen resevwa youn pa aksidan?**

Si w resevwa yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik pa aksidan men w pa te dwe resevwa l akoz revni w plis pase limit revni yo, IRS fè konnen yo p ap eseye rekipere lajan an.

Si w pa elijib akoz estati imigrasyon w, men ou te resevwa yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik pa aksidan kanmenm, nou konseye w voye l tounen bay IRS pou w evite posiblite pou l gen okenn konsekans imigrasyon negativ kont ou.

IRS mande pou yo voye tounen bay IRS yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik yo voye bay yon moun ki nan prizon. Epitou, IRS mande pou yo voye tounen bay IRS yon Peman pou Favorize Enpak Ekonomik yo voye bay yon moun ki te mouri avan yo te resevwa Peman an.

Pou w jwenn plis enfòmasyon nan men IRS, konsilte:

<https://www.irs.gov/coronavirus/economic-impact-payment-information-center>

and

<https://www.irs.gov/newsroom/non-filers-enter-payment-info-here-tool-scenarios>